

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Hasil analisis struktur carita tina 12 carpon dina buku kumpulan carpon *Ma Inung Néwak Cahaya* karangan Mamat Sasmita bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

##### 1. Kacindekan Struktur Carita Unggal Carpon dina buku kumpulan carpon *Ma Inung Néwak Cahaya* karangan Mamat Sasmita

###### 1) Téma

Sanggeus niténan kana 12 carpon anu geus dianalisis, sakabéhna téh miboga téma anu rupa-rupa sok sanajan aya sababaraha carpon anu miboga *genre* anu sarua.

Tina 12 carpon anu aya dina buku *Ma Inung Néwak Cahaya* lolobana mangrupa téma ngeunaan hal sosial jeung politik saperti ngeunaan korupsi, pamaréntahan, pamingpin, jsb. Téma samodél kitu kapanggih dina carpon: “Ateul”, “Gagal”, “Wastu di Wastu”, “Ma Inung Néwak Cahaya”, ”Onyét”, “Nguseup”, jeung “Basa Mamah Jadi Caleg”. Aya ogé carpon anu témana ngeunaan hal agama, nya éta dina carpon “Kang Sabri Leungiteun Kalangkang” jeung carpon “Kang Sabri Mati Suri”. Tuluy carpon anu témana ngeunaan kulawarga nya éta carpon “Nini Jumsih Moro Langlayangan” jeung carpon “Basa Mamah Rék Ngajual Imah”. Sedengkeun téma ngeunaan cinta/kasono kapanggih dina carpon “Silang Sigeu”.

###### 2) Galur/Plot

Galur/plot tina 12 carpon anu geus dianalisis téh bisa katitén yén aya 7 carpon anu maké galur mérélé, nya éta carpon: “Ateul”, “Kang Sabri Leungiteun Kalangkang”, “Gagal”, “Wastu di Wastu”, “Ma Inung Néwak Cahaya”, “Nguseup” jeung “Basa Mamah Jadi Caleg”. Tuluy aya 3 carpon anu maké galur mobok tengah, nya éta carpon: “Nini Jumsih Moro Langlayangan”, “Kang Sabri Mati Suri”, jeung “Onyét”. Sedengkeun anu

maké galur mundur/*flashback* ukur aya 2 carpon, nya éta carpon: “Silang Sigeu”, jeung “Basa Mamah Rék Ngajual Imah”.

Ku kituna, bisa dicindekkeun yén galur anu loba digunakeun dina 12 carpon anu geus dianalisis téh nya éta galur mérélé.

### 3) Tokoh jeung Panokohan

Tokoh-tokoh dina 12 carpon anu geus dianalisis téh aya anu mangrupa tokoh utama aya ogé nu mangrupa tokoh tambahan. Sakabéh tokoh tina 12 carpon anu geus dianalisis téh kapanggih aya 51 tokoh anu hampir sakabéhna miboga ngaran sewang-séwangan, sok sanajan aya ogé tokoh-tokoh anu henteu disebutkeun ngaranna tapi ngan saukur maké ngaran landihan.

Ngaran-ngaran tokoh jeung ngaran landihan tokoh anu aya dina 12 carpon anu geus dianalisis téh di antarana: Kang Sabri, Nini Jumsih, Sujang, Silang, Sigeu, Réré, Mamah, Apa, Ua Uyuh, Héri, Adé Ira, Bi Saroh, Si Légé, Mang Jamal, Si Kuya, Doktér, Pa Mantri, Mama Jarkasih, Drs. Wawan, Ir. Hérman, Dra. Luna, Drs. Rahmat, Jang Ulé, Jajaka Sang Yuwaraja, Ma Inung, Eulis, Bi Amah, Mang Kanta, Ceu Enyi, Bi Iyang, Bi Siti, jeung para tokoh séjén anu henteu disebutkeun ngaranna dina carita.

Niténan tina sakabéh carponna, ngaran tokoh anu sering muncul jeung sering dipaké dina unggal carponna nya éta ngaran Kang Sabri.

Pakasaban anu dipiboga ku unggal tokoh dina unggal carponna ogé béda-béda diluyukeun jeung latar sosial tur tempat dina caritana.

Pikeun ngalukiskeun watek unggal tokoh dina unggal carponna, lolobana pangarang ngagunakeun téknik dramatik anu ngawengku: 1) pelukisan pikiran jeung perasaan tokoh 2) réaksi tokoh kana lingkungan, 3) gunéman, jeung 4) reaksi tokoh séjén. Sok sanajan aya ogé anu ngagunakeun téhnik ékspositori pikeun ngadéskripsikeun laku lampah jeung ciri fisik tokoh dina unggal carponna sangkan bisa ngagambarkeun watek tokoh-tokohna.

### 4) Latar/*Setting*

Latar anu kapanggih dina unggal carpon anu geus dianalisis boh latar tempat, latar waktu, boh latar sosialna tangtu disaluyukeun jeung téma tur galur/plot dina unggal caritana. Misalna waé tina 12 carpon, latar tempat anu

mindeng digunakeun nya éta di daerah pilemburan, tapi aya ogé anu disebutkeun kalawan jelas tur écés tempat-tempat lumangsungna peristiwa dina unggal carponna. Latar waktu dina unggal carponna ogé aya nu nuduhkeun waktu nu tangtu (absolut), aya anu nuduhkeun waktu anu henteu tangtu. Sedengkeun latar sosial unggal carponna, lolobana nuduhkeun bébédaan antara kalangan handap jeung kalangan luhur tur nuduhkeun kumaha kaayaan pamaréntah di jaman ayeuna.

#### 5) Sudut Pandang

Tina 12 carpon anu geus dianalisis, bisa katitén yén aya 8 carpon anu ngagunakeun sudut pandang/titik caturan jalma katilu sarwa nyaho, nya éta carpon: “Nini Jumsih Moro Langlayangan”, “Kang Sabri Leungiteun Kalangkang”, “Kang Sabri Mati Suri”, “Gagal”, “Wastu di Wastu”, “Ma Inung Néwak Cahaya”, “Onyét” jeung Nguseup”. Tuluy aya 2 carpon anu ngagunakeun sudut pandang/titik caturan jalma kahiji minangka tokoh utama, nya éta carpon “Basa Mamah Rék Ngajual Imah” jeung carpon “Ateul”. Sedengkeun anu maké sudut pandang/titik caturan jalma kahiji minangka tokoh tambahan/kasengker nya éta carpon “Silang Sigeu” jeung carpon “Basa Mamah jadi Caleg”.

Ku kituna, bisa dicindekkeun yén sudut pandang/titik caturan anu loba digunakeun dina unggal carponna nya éta sudut pandang/titik caturan jalma katilu sarwa nyaho, nya éta pangarang hadir dina carita salaku jalma di luar carita anu sarwa nyaho ngeunaan sakabéh peristiwa, pikiran, perasaan, jeung laku lampah tokoh-tokoh anu aya dina unggal carponna.

#### 6) Amanat

Amanat anu ditepikeun ku pangarang dina 12 carpon anu geus dianalisis téh lolobana ngeunaan ajén-ajén kahirupan anu bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé. Saperti amanat ngeunaan hal kaagamaan, amanat ngaunaan kahirupan di kulawarga, amanat ngaunaan kaayaan pamaréntahan, amanat ngeunaan kahirupan sosial jeung amanat dina hal politik.

Sakabéh amanat anu ditepikeun ku pangarang dina unggal carponna téh nyamuni dina galur/plot caritana, sok sanajan aya ogé amanat anu ditembrakkeun sacara langsung dina eusi carponna.

#### 7) Hubungan Antarunsur dina Carita

Hubungan antarunsur dina carita unggal carponna téh nu dipedar nya éta hubungan : 1) téma jeung galur/plot, 2) téma jeung tokoh tur panokohan, 3) téma jeung latar, 4) galur/plot jeung tokoh tur panokohan, 5) galur/plot jeung latar, 6) tokoh tur panokohan jeung latar.

Ngaliwatan runtuyan anu panjang tur analitis, bisa dicindekkeun yén hubungan antarunsur dina carita unggal carponna téh raket patalina tur “berkausalitas” (miboga hubungan sabab-akibat). Sakabéh carpon dina buku kumpulan *Ma Inung Néwak Cahaya* mangrupa carpon anu medar sakabéh aspek kahirupan anu universal, medar carita anu luyu jeung kahirupan di jaman ayeuna.

## **2. Larapna Kumpulan Carpon *Ma Inung Néwak Cahaya* Karangan Mamat Sasmita pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP Kelas VII**

Tina 12 carpon anu geus dianalisis struktur caritana, dumasar kana kritéria pamilihan bahan ajar pikeun siswa, bisa dicindekkeun yén aya 8 carpon anu luyu pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca carpon di SMP kelas VII, sedengkeun 4 carpon deui henteu luyu pikeun dijadikeun bahan pangajaran sabab henteu luyu jeung kritéria bahan ajar tapi ngan ukur bisa dipaké pikeun nambahan pangaweruh hungkul.

### **5.2 Saran**

Tina ieu hasil panalungtikan, aya sababaraha saran pikeun ngahudang aprésiasi kana hasil karya sastra, di antarana:

1. pikeun masarakat pamaca dipiharep bisa terus ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan hal dina pamahaman kana karya sastra saperti loba maca karya kritik sastra atawa kajian sastra, tur eusi struktur carita tina ieu

panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun eunteung pikeun kahirupan sapopoé;

2. carpon anu aya dina buku kumpulan *Ma Inung Néwak Cahaya* bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran aprésiasi sastra di sakola sangkan ngeuyeuban kana carpon Sunda anu geus aya, hususna pikeun siswa SMP kelas VII;
3. pikeun pangarang dipiharep bisa terus ngaronjatkeun deui kamampuh dina ngahasilkeun karya-karya sastrana;

pikeun panalungtik séjénna dipiharep ieu hasil panalungtikan téh bisa jadi hiji tatapakan pikeun panalungtikan anu leuwih jembar deui.

